

Èske w ap konsidere kite Etazini? Men kèk bagay ou dwe konsidere.

Nan anviwònman aktyèl la kote y ap aplike lalwa imigrasyon an, anpil moun ap konsidere tout opsyon yo genyen, tankou posiblite pou yo kite Etazini. Dokiman sa a bay kèk enfòmasyon ou ka vle konsidere pandan w ap reflechi sou opsyon sa a.

Kite Etazini ka gen konsekans imigrasyon grav e pafwa pèmanan. Anvan ou fè aranjman vwayaj ou a, pale ak yon avoka imigrasyon kalifye oswa yon reprezantan akredite DOJ sou sitiyasyon ou an.

Pale ak yon reprezantan legal anvan ou deside kite Etazini:

- ☐ **Konprann opsyon imigrasyon ou yo** – Anvan ou pran yon desizyon pou kite peyi a, ou ta dwe konsilte avèk yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans pou detèmine si ou kalifye pou azil, yon estati familyal, yon benefis imanité, oswa yon lòt fòm ed imigrasyon. Li enpòtan pou fè sa paske, anpil fwa, lè yon moun kite Etazini, li ka pèdi posiblite pou li kontinye chèche kèk nan opsyon sa yo.
Pou prepare pou konsiltasyon an, rasanble tout enfòmasyon ak dokiman ki gen rapò ak istwa imigrasyon ou. Sa gen ladan:
 - Kilè ak kijan ou te antre Etazini;
 - Nenpòt dokiman yo te ba ou;
 - Kopi ansyen aplikasyon ou te soumèt;
 - Nenpòt kontak oswa rankont ou te genyen ak ajan imigrasyon;
 - Dokiman ki gen rapò ak dosye ou nan Tribinal Imigrasyon.
- ☐ **Konprann konsekans imigrasyon posib lè w kite Etazini** – Asire w ou mande [reprezantan legal kalifye w la](#):
 - ☐ Èske lè mwen kite peyi a, sa ap lakòz yo entèdi mwen retounen Etazini pandan yon peryòd tan?
 - ☐ Èske mwen deja gen yon lòd depòtasyon oswa yon dosye ki toujou ouvè nan Tribinal Imigrasyon?
 - ☐ Kisa ki pral rive aplikasyon mwen yo ki poko jwenn yon desizyon?
 - ☐ Èske mwen kapab retounen Etazini legalman alavni? Si wi, kijan?
- ☐ **[Konprann kijan depa pral afekte pwosedi Tribinal Imigrasyon w la](#)** – Le ou kite Etazini pa fèmen, sa pa otomatikman fèmen yon dosye ki toujou annatant nan Tribinal Imigrasyon. Si ou pa ale nan yon odyans, menm si rezon an se paske ou deja kite peyi a, jij la ka bay yon lòd depòtasyon kont ou pandan ou pa la. Sa ka rann li pi difisil pou ou retounen Etazini alavni. Sa ka ogmante tou konsekans penal yo si ou eseye retounen san otorizasyon.
- ☐ **Konprann diferans ki genyen ant kite peyi a poukont ou ak " [Depa Volontè](#) (Voluntary Departure)"** - "Depa Volontè" se yon fòm soulajman imigrasyon espesyal. Se sèlman yon jij imigrasyon oswa Depatman Sekirite Enteryè Etazini (DHS) ki kapab bay li. Gen dat limit ak

kondisyon yon moun dwe respekte pou li kalifye. Si ou achte yon tikè epi ou kite peyi a poukont ou, sa pa vle di ou resevwa “Depa Volontè.”

Konsekans Imigrasyon Posib Lè w Kite Etazini

Lè ou kite Etazini, sa ka lakòz konsekans negatif sou dosye imigrasyon ou. Pale ak yon reprezantan legal imigrasyon ki kalifye pou konnen ki konsekans ki ka aplike nan sitiyasyon pa ou. Men kèk nan konsekans posib yo:

- **Entèdiksyon pou retounen Ozetazini** – Lè ou kite peyi Etazini, ou ka gen yon entèdiksyon pou retounen Ozetazini alavni, menm si ou gen yon mwayen legal pou retounen. Entèdiksyon pou retounen yo ka dire 3 zan, 10 zan, oswa menm pèmanan. Gen règ konplike sou [kilè entèdiksyon yo aplike](#), ansanm ak sèten egzansyon limite ki disponib pou simonte entèdiksyon an, kidonk ou ta dwe verifye si sa aplike pou ou avèk yon reprezantan legal kalifye.
- **Lòd Ekspilasyon (Deportasyon) ki deja egziste** – Si ou deja gen yon lòd deportasyon final, kite Etazini ap konsidere kòm oto-deportasyon. Lè ou kite peyi a avèk yon lòd deportasyon, gen yon entèdiksyon apa pou retounen Ozetazini (jeneralman pou 10 ane, pafwa plis), byenke pafwa ou ka egzansyone entèdiksyon sa a.
- **Vwayaje avèk Advance Parole** - "Advance Parole" se yon dokiman USCIS bay yon moun pou pèmèt li kite Etazini epi mande pou retounen. Sepandan, akòz yon chanjman resan nan règleman yo, lefètke yon moun gen Advance Parole pa garanti y ap kite li antre Etazini ankò apre li fin vwayaje. Moun ki gen Advance Parole ta dwe pale ak yon avoka imigrasyon anvan yo vwayaje.
- **Aplikasyon pou Kat Rezidans ki Annatant** – Depa ka lakòz sèten aplikasyon yo refize pou abandone. Pa egzanp, yon aplikasyon I-485 an atant pou rezidans pèmanan jeneralman konsidere kòm abandone si aplikan an kite Etazini san li pa jwenn Advance Parole anvan.
- **Aplikasyon Azil ak Lòt Aplikasyon Imanitè ki Annatant** – Kite Etazini ka afekte aplikasyon azil, TPS, viza U, viza T, VAWA, libète sou kondisyon, ak lòt benefis imanitè ki annatant. Nan absans ou, yo ka refize aplikasyon ou an epi yo ka bay yon lòd pou yo retire li. Anplis de sa, vwayaje nan peyi kote ou pretann ou pè pou domaj ka fè imigrasyon kwè aplikasyon azil ou a te fwod. Ou ka li plis sou konsekans kite ak yon aplikasyon azil annatant [isit la](#).
- **Elizibilite pou yon Viza nan lavni** – Lefètke ou kite peyi a poukont ou pa garanti l ap pi fasil pou ou retounen alavni. Pou ou antre Etazini legalman, ou dwe kalifye pou yon viza anvan. Istwa imigrasyon ou, tankou si ou te viv Etazini san estati legal, si ou gen yon lòd depòtasyon, oswa si gen kesyon sou fwod oswa fo deklarasyon, ansanm ak istwa kriminel ou ak anpil lòt faktè, kapab afekte si ou kalifye pou yon viza alavni.
- **Pwosesis Konsilè ak Egzansyon** – Si yo te depoze yon petisyon pou ou ki baze sou fanmi oswa travay, pale ak yon avoka imigrasyon pou konfime ke ou pral kapab navige pwosesis la avèk siksè nan yon konsila ameriken aletranje si ou kite peyi a. Yon petisyon apwouve poukont li pa garanti yon viza oswa pèmasyon pou retounen.

Vwayaj ak Dokimantasyon

- **Risk vwayaje nan avyon** - Vwayaje nan avyon, menm andedan Etazini, genyen [risk](#) pou moun ki pa sitwayen ameriken. TSA, ki responsab sekirite nan ayewopò yo, ap pataje enfòmasyon pasaje yo ak sèvis imigrasyon. Pou diminye risk la, achte yon vòl ki pral mennen ou dirèkteman soti Etazini, san okenn eskal oswa koneksyon andedan peyi a.
- **Paspò ak pèmisyon pou antre nan yon lot peyi** – Konfime ke ou gen yon paspò valab ak pèmisyon pou antre nan peyi destinasyon an. Si ou pral pase nan yon lòt peyi pandan vwayaj la, detèmine si yon viza tranzit obligatwa. Si moun nan fanmi ou gen nasyonalite diferan, chèche konnen davans ki dokiman chak moun ap bezwen pou yo vwayaje nan peyi kote nou prale a.
- **Chèche enfòmasyon sou CBPHome** Gen kèk moun ki chwazi sèvi ak yon pwogram gouvènman ki rele CBPHome pou kite peyi a. Nan kèk ka, gouvènman an ap bay asistans pou peye tikè avyon epi li pwomèt yon peman \$2,600 apre yo fin kite peyi a. Sepandan, genyen tou rapò sou moun k ap eseye patisipe epi ki pa resevwa asistans, ansanm ak rapò sou moun ki te kite atravè pwogram nan men ki pa t resevwa peman yo te pwomèt yo. Patisipe nan pwogram nan vle di tou bay tout enfòmasyon ou bay imigrasyon. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou CBPHome [la](#).
- **Dat limit pou depa ak prè depa** – Si yon jij imigrasyon oswa DHS ba ou yon dat limit pou kite Etazini, konfime egzakteman ki lè ak kijan ou dwe kite. Kenbe kopi kat anbakman ou, tenm paspò ou, itinèrè vwayaj ou, tikè ou yo, ak lòt prè ki montre dat ak fason ou te kite a.
- **Vwayaje ak timoun** – Jwenn paspò pou timoun yo, tankou paspò ameriken pou timoun ki fèt Etazini, ansanm ak nenpòt pèmisyon ki nesèse nan men lòt paran an oswa gadyen legal la. Revize nenpòt lòd tribinal sou gad timoun nan epi verifiye si ou bezwen yon otorizasyon alekri pou vwayaje. Pa mennen yon timoun deyò Etazini si sa vyole dwa lòt paran an genyen sou gad timoun nan oswa yon lòd tribinal.

Preparasyon Fanmi ak Finansye

- **Separasyon fanmi ak moun k ap pran swen timoun yo** – Reflech sou kiyès ki pral pran swen timoun yo, granmoun aje yo, bèt domestik yo, oswa nenpòt lòt moun ki depann de ou kounye a. Deside si tout manm fanmi an pral vwayaje ansanm oswa si gen moun ki pral rete Etazini. Pran tan pou aprann ki opsyon ki disponib pou pran swen timoun yo epi mete yon [plan preparasyon pou fanmi](#) an plas.
- **Rasanble dokiman enpòtan yo** – Rasanble dokiman orijinal ak kopi elektwonik dosye imigrasyon ou, batistè, sètifika maryaj, dokiman sou gad timoun, dosye medikal ak dosye lekòl, deklarasyon taks, dosye travay, pyès idantifikasyon, ak enfòmasyon pou kontakte avoka ou. Mete dokiman yo yon kote ki an sekirite. Konsidere bay yon moun ou fè konfyans yon kopi oswa fè moun nan konnen ki kote dokiman yo ye.
- **Swen sante ak medikaman** – Jwenn kopi dosye medikal ou ak dosye medikal fanmi ou, dosye vaksinasyon, ak preskripsyon yo. Asire w ou gen yon kantite medikaman ki apwopriye pou bezwen ou. Chèche konnen si swen medikal ak asirans disponib nan peyi kote ou prale a ak konbyen yo koute.
- **Edikasyon ak travay** – Mande kopi relve nòt lekòl, diplòm, lisans pwofesyonèl, ak referans anlwa.
- **Pwopriyete ak finans** – Reflech sou sa k pral rive byen pèsone ou yo (ki gen ladan machin ak kay ou), ak nenpòt kontra lokasyon aktif, dèt, prè, ak bòdwo mansyèl. Konsidere otorize yon moun ou fè konfyans pou jere byen, finans, lapòs, zafè tribinal, oswa lòt responsablite apre ou fin kite peyi a. Ou ka fè sa lè w siyen yon dokiman [Pouvwa Avoka](#). Detèmine sa ou ka bezwen

jere tèt ou, ak sa yon moun ki gen Pouvwè Avoka ka ede w avèk apre ou fin kite peyi a. Pale ak bank ou a pou konprann kijan ou ka kontinye jwenn aksè nan kont ou a oswa kijan pou fèmen li.

- **Anplwa ak taks** – Fè aranjman ak anplwayè w la pou asire w ke w ap touche pou tout tan w. Ou ka vle mande yon kopi dosye travay ou ak nenpòt enfòmasyon sou kont retrèt ou yo. Konsilte yon [pwofesyonèl taks](#) konsènan nenpòt obligasyon taks federal oswa leta ki kontinye.